

Pral gen yon rezirèksyon! (2^{yèm} pati)

Li baze sou chapit 7 liv *Ki sa Labib kapab anseye nou?* an ki disponib sou jw.org.

OBJEKTIF: Chèche konn plis sou sa w kwè yo ak rezon ki fè w kwè nan yo, egzamine sa Labib anseye epi chèche jwenn fason pou w esplike lòt moun sa w kwè yo.



KÒMAN NOU FÈ KONNEN REZIRÈKSYON AN AP FÈT TOUTBON?

1 CHÈCHE KONN PLIS SOU SA W KWÈ YO

Ki sa ou menm ou kwè?

Poukisa w kwè sa?

Jewova gen kapasite pou l resisite moun pa nou yo ki mouri, e li chofe pou l fè sa.
(Gade chapit 7 liv *Anseye nou* an, paragraf 11-15.)

Li Ezayi 40:26.

Lefètke Jewova bay chak zetwal pami plizyè milya zetwal ki gen nan linivè a non, sa k fè nou ka gen konfyans li kapab sonje moun pa nou yo ki mouri?

Li Jòb 14:13-15.

Ki jan vèsè sa yo montre Jewova gen gwo anvi pou l resisite sèvitè fidèl li ki mouri?



Menm jan yon papa ka leve pitit li k ap dòmi byen fasil, se konsa tou Jewova ka resisite yon moun ki mouri byen fasil.

Espwa rezirèksyon an baze sou Bib la.

(Gade chapit 7 liv *Anseye nou* an, paragraf 16-25.)

Li Jan 5:28, 29; 11:25.

Ki pwomès Jezi te fè konsènan moun ki mouri yo?

Li Ezayi 25:8.

Ki jan ekspresyon “se Jewova menm ki di sa” a ban nou garanti rezirèksyon an ap fèt toutbonvre?

Ki moun ou sitou anvi wè nan rezirèksyon an e poukisa?

3

ESPLIKE LÒT MOUN SA W KWÈ YO

SI YON MOUN DI W...

Rezirèksyon an twò bèl pou l fèt vre.

OU GENDWA REPONN...

Anpil moun ka dakò ak ide sa a. Men, mwen pa kwè sa paske...

Ki vèsè w te ka li ak moun nan?

Ki jan w ka sèvi ak vèsè sa a toutpandan w ap reflechi ak pwennvi moun nan?

SI YON MOUN DI W...

Mwen pa janm wè yon moun ki resisite, e se sa m wè sèlman mwen kwè.

OU GENDWA REPONN...

Se vre, pa gen yon moun k ap viv jodi a ki wè yon moun ki resisite. Men, mwen kwè sa pral fèt toutbonvre paske...

Ki vèsè w te ka li ak moun nan?

Ki jan w ka sèvi ak vèsè sa a toutpandan w ap reflechi ak pwennvi moun nan?
